

# ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

**Madi** 27 Janvye 2015 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.



Sous: [www.worldatlas.com](http://www.worldatlas.com) (adapte)

1 Ki lèt sou kat jewografik sa a ki reprezante yon achipèl?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

2 Istoryen yo swiv règ pou ede yo analize sous primè yo. Men kèk nan règ yo itilize:

- Yo fèt pou li chak pyès prèv ak chak sous oswa yo fèt pou gade yo avèk dout ak kritik.
- Yo dwe verifye epi konpare chak pyès prèv avèk sous ak pyès prèv asosye yo.

—Library of Congress

Règ sa yo la pou ede istoryen yo detèmine

- (1) fyabilite enfòmasyon ki nan dokiman yo
- (2) popilarite yon publikasyon
- (3) diferans nan sistèm kwayans yo
- (4) lwa yon sivilizasyon

3 Ki kalite sistèm ekonomik ki depann sitou sou lachas, rasanbleman manje, elvaj ak agrikilti pou toujou gen oto-sifizans?

- |                 |               |
|-----------------|---------------|
| (1) tradisyonèl | (3) kapitalis |
| (2) planifye    | (4) miks      |

4 Kreyasyon vil-eta nan Lagrès antik kapab pi dirèkteman asosye avèk

- (1) gwoup etnik divès ki nan rejyon an
- (2) gwo kantite lang diferan yo
- (3) teren sovaj ki nan montay
- (4) pratik oligachi

5 Ki tèm ki pi asosye depò avèk Elenis anba Aleksann Legran?

- |                       |                 |
|-----------------------|-----------------|
| (1) divilgasyon kilti | (3) teyokrasi   |
| (2) pasifis           | (4) dwa natirel |

6 Ki rivyè ki pi asosye depò avèk Endouyis?

- |         |          |
|---------|----------|
| (1) Nil | (3) Tig  |
| (2) Jòn | (4) Ganj |

7 Ki moun ki te devlope yon filozofi azyatik ki asosye avèk senk (5) relasyon, pyete filyal, ak Analèk?


- (1) Laozi (Lao Tzu)
- (2) Confucius
- (3) Han Wudi
- (4) Siddhartha Gautama

8 Nan peyi Lend, pou ki reyalizasyon yo pi konnen Lajdò Gupta?

- (1) adopsyon laprès tipografik
- (2) envansyon etriye an fè
- (3) itilizasyon poud
- (4) devlopman konsèp zewo

Sèvi ak tablo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.

### Òganizasyon Sosyal Chinwa Pandan Dinasti Tang ak Song



Sous: *World History: Connections to Today*, Prentice Hall (adapte)

9 Dapre enfòmasyon ki nan tablo sa a, ki yon konklizyon valab ki genyen sou sosyete chinwa a pandan dinasti Tang ak Song?

- (1) Pifò peyizan yo nan Lachin te konn li ak ekri.
- (2) Pifò pèp chinwa a se te komèsan.
- (3) Kèk moun k ap viv nan Lachin te gen opòtinite pou mobilite sosyal.
- (4) Sitiyasyon sosyal pifò chinwa yo te detèmine dapre pratik relijye.

10 Apeprè nan 14yèm syèk la, pou kisa vil Nanjing, Calicut, Mogadishu, ak Venice te enpòtan?

- (1) Pifò sant aktivite komèsyal yo t ap fleri nan vil sa yo.
- (2) Premye demokrasi yo te parèt nan vil sa yo.
- (3) Sant relijye islamik yo te devlope nan vil sa yo.
- (4) Pòtigè yo te kreye koloni nan vil sa yo.

11 Ki faktè jewografik ki pi byen eksplike kapasite Lachin pou enfliyanse devlopman kiltirèl Japon?

- |                       |                      |
|-----------------------|----------------------|
| (1) klima twopikal la | (3) montay yo        |
| (2) pozisyon          | (4) rivyè navigab yo |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 12.

... Komès toutolon Wout an Swa te fè Lachin vin rich nan anpil fason. Chinwa yo te vann swa, medikaman fèy, seramik, ak lòt pwodui lokal nan lwès avèk karavàn, epi yo te resevwa pwodui egzotik pou machandiz yo. Depi nan Lapès (Iran nan epòk modèn) ak Mwayennoryan, yo te resevwa nouvo kalite enstriman mizik, epi mizisyen yo jwe yo, epitou yo te resevwa tas, bòl ak vaz lò ak ajan. Nan Lend yo te enpòte rad koton. Nan Bizanten (kapital lès Lanpi Women jodi a vil Istanbul nan Latiki) yo te enpòte veso an vè ak bijou. Komèsan chinwa yo te vann kèk machandiz enpòte sa yo tou nan lès pou rive nan Kore ak Japon....

—Des Forges and Major, *The Asian World: 600-1500*

12 Dapre pasaj sa a, Wout an Swa te fè li posib pou chinwa yo enpòte rad koton nan

- |                 |           |
|-----------------|-----------|
| (1) Lapès       | (3) Japon |
| (2) Lanpi Women | (4) Lend  |
- 

13 Wayòm Afriken-de-Lwès Mali te devlope nan richès ak pouvwa lè yo te kontwòle komès

- |                      |                           |
|----------------------|---------------------------|
| (1) petwòl ak chabon | (3) lò ak sèl             |
| (2) bwa konstriksyon | (4) sik ak ivwa ak pwason |

14 Ki tè ki defini kòm yon mouvman Renesans ki karakterize avèk panse endepandan ak yon enterè renouvle nan kilti klasik grèk ak women?

- |                      |                |
|----------------------|----------------|
| (1) milti-kiltiralis | (3) nasyonalis |
| (2) limanis          | (4) monachis   |

15 Yon efè prensipal Refòm Pwotestan an sou Ewòp-de-Lwès se te

- (1) bèss nan inite relijye
- (2) plis pouvwa lepap katolik
- (3) rediksyon nan lagè relijye
- (4) ogmantasyon nan lavant endiljans Legliz Katolik t ap fè

16 Ki deklarasyon ki pi byen dekri yon efè ogmantasyon Lanpi Otoman alwès anba Suleiman the Magnificent?

- (1) Sitwayen rich yo te adopte fason Ris yo abiye.
- (2) Islam te vin yon relijyon prensipal nan Balkan.
- (3) Komès la te boulvèse toupatou nan Oseyan Endyen.
- (4) Janisè yo te pèdi pouvwa militè yo.

17 Yon rezon prensipal ki fè Enka yo te kapab kontwòle gwo lanpi yo sèke yo te

- (1) deklare sakrifis imen ilegal
- (2) fòme yon gouvènman demokratik
- (3) bati yon sistèm wout pou konekte zòn ki lwen y epi pou deplase fòs lame yo
- (4) ankouraje pwogram alfabetizasyon ak pwogram edikasyon an mas pou anseye sijè yo fidelite

18 Ki faktè enpòtan ki te fasilite konpetisyon ant peyi ewopeyen yo pou koloni yo nan Amerik?

- (1) yon mank pwav ak nwa miskad ewopeyen
- (2) yon manda papote a
- (3) dezi pou kontwòle sous lò ak ajan
- (4) bezwen pou jwenn ouvriye pou faktori yo nan Ewòp

19 Ki karakteristik jewografik ki nan Amerik Latin?

- (1) forè twopikal imid Kongo
- (2) montay Imalaya
- (3) plato Tibè
- (4) rivyè Amazòn

20 Kisa ki te yon efè komès esklav trans-atlantik sou Afrik ant ane 1500 ak 1800?

- (1) Pouvwa nan Afrik-de-Lwès te chanje ant wayòm nan andedan an ak wayòm lakòt yo.
- (2) Malarya te entwodui nan rejyon twopik Afrik.
- (3) Islam te vin dominan nan rejyon sou-Sahara yo.
- (4) Agrikilti plantasyon te devlope nan Vale Gran Rift.

- 21 Ekriti Gran Chat se te yon reyaksyon nan
- (1) restriksyon ekonomik yo anba enperyalis
  - (2) abi pouvwa monak yo
  - (3) travay misyonè klèje a
  - (4) menas revolisyon gouvènè kolonyal yo

- 22 Louis XIV te kore pouvwa monachi li nan Lafrans lè li te
- (1) santralize kontwòl
  - (2) akòde refòm demokratik
  - (3) pratike tolerans relijye
  - (4) redui gwosè biwokrasi a

- 23 • Modèl elyosantrik linivè Copernicus  
• lwa gravitasyon Newton  
• konviksyon Descartes nan laverite dapre rezon

Seri lide sa a nan Revolisyon Syantifik la te bay ewopeyen yo yon nouvo fason pou

- (1) wè plas limanite nan linivè
- (2) sipòte konviksyon debaz legliz
- (3) konfime done istorik yo
- (4) verifye libète sivil yo

- 24 Nan fen ane 1700 yo, ki sitistasyon nan Lafrans ki konsidere kòm yon kòz lòt twa (3) yo?

- (1) reyinyon Eta Jenewo yo
- (2) politik taksasyon enjis
- (3) egzekisyon wa a
- (4) priz Labastiy

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 lan.

... Ni pa gen libète si pouvwa pou jije a pa separe avèk pouvwa lejislatif la epi avèk pouvwa egzekitif la Si li te fè yon sèl ak pouvwa lejislatif la, pouvwa a sou lavi ak libète sitwayen yo ta abitrè, paske jij la ta lejislatè a. Si li te fè yon sèl ak pouvwa egzekitif la, jij la kapab gen fòs yon opresè....

—Montesquieu, *The Spirit of the Laws*

- 25 Nan pasaj sa, Montesquieu fè referans a
- (1) yon despotis eklere
  - (2) yon politik mèkantilis
  - (3) yon separasyon pouvwa yo
  - (4) yon kontra sosyal

- 26 Devlopman ekonomi danre pou vann ankouraje globalizasyon an lè
- (1) egalize estanda lavi a pou popilasyon peyizan yo
  - (2) kreye kominote ki endepandan
  - (3) konsève divèsite agrikilti endijèn nan
  - (4) satisfè demann deyò rezyon pwodiksyon an

- 27 Pandan fen 19yèm syèk la, Siyonis te konsantre sou
- (1) jwenn bon kondisyon travay pou travayè faktori iben yo
  - (2) jwenn yon teritwa natifnatal pou pèp jwif deplase yo
  - (3) kreye koloni nan sid Afrik
  - (4) devlope yon seri lwa sevè ki baze sou egalite

- 28 Kisa ki te yon rezon ki fè Revolisyon Endistriyèl la te kòmanse nan Grannbretay?

- (1) Gouvènman Grannbretay la te egzekite yon seri plan sou senkan.
- (2) Grannbretay te fè alyans avèk pifò peyi ewopeyen yo.
- (3) Anpil resous natirèl te disponib nan Grannbretay.
- (4) Pratik sèvaj nan Grannbretay se bay yon gwo kantite ouvriye.

- 29 Teyori lesefè Adam Smith pi asosye depre avèk

- (1) separasyon legliz ak leta
- (2) kontwòl minimòm gouvènman an sou ekonomi an
- (3) yon ekonomi planifye
- (4) gwo dwa ladwàn pou pwoteje biznis lokal yo

- 30 Konferans Bèlen pi asosye depre avèk kolonizasyon

- |                |                  |
|----------------|------------------|
| (1) Sid Azi    | (3) Amerik Latin |
| (2) Azi-de-Lès | (4) Afrik        |

- 31 Yon rezon prensipal pou politik etranje Japon nan Azi pandan kòmansman 20yèm syèk la se te pou

- (1) ankouraje demokrasi
- (2) simaye konviksyon Chentoyis la
- (3) jwenn resous natirèl
- (4) redui depans militè

Sèvi ak deklarasyon oratè ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32 a.

*Oratè A:* Fòs yon nasyon mezire avèk gwosè fòs lame li. Yo dwe mobilize tout resous yo nan kreyasyon yon fòs lame ak yon lamarin solid.

*Oratè B:* Pou toujou gen fòs entènasyonal nou, nou dwe chèche vwazen nou yo pou alyans. Y ap ede pwoteje nou si nou anba yon menas.

*Oratè C:* Pou toujou gen souverènte nou, nou bezwen vin pi fò ak pi puisan.

32 Ki konsèp *Oratè A* ak *C* pi byen dekri?

- |                       |                 |
|-----------------------|-----------------|
| (1) sekirite kolektif | (3) militaris   |
| (2) oto-detèminasyon  | (4) izolasyonis |

33 Kisa ki te yon rezon prensipal ki fè pèp ris la te angaje nan Revolisyon 1905 lan?

- (1) ensatisfaksyon avèk dominasyon za
- (2) mekontantman avèk patisipasyon nan Premye Gè Mondyal
- (3) kòlè akòz entèdiksyon Legliz Òtodòks
- (4) yo pa t emansipe seyè yo

34 • Yo te bouke avèk fèz ki te ilegal (1925).  
• Leta Latiki te deklare layik (1928).  
• Fanm yo te resevwa dwa pou vote epi pou yo gen fonksyon (1934).

Ki lide mezi yo te pran nan Latiki te ankouraje?

- |                        |                       |
|------------------------|-----------------------|
| (1) endistriyalizasyon | (3) etnosantris       |
| (2) konsèvatis         | (4) oksidantalizasyon |

35 Ki objektif Joseph Stalin te kreye pou Inyon Sovyetik?

- (1) vin yon puisans endistriyèl
- (2) kreye yon lajdò kilti
- (3) mete yon monachi palmantè anplis
- (4) fasilite tansyon yo avèk detant

36 Kisa ki te yon kòz enpòtan pou monte fachis la nan nasyon tankou Itali ak Almay?

- |                         |                 |
|-------------------------|-----------------|
| (1) adaptasyon kolektif | (3) jenosid     |
| (2) difikilte ekonomik  | (4) trete sekre |

37 Ki evènman ki te lakòz yo konsidere politik apezman kòm yon echèk?

- (1) kreyasyon Lig Nasyon (1919)
- (2) grangou fòse nan Ikrèn (1932)
- (3) envazyon Tchekoslovaki (1939)
- (4) bonbadman atomik Iwochima (1945)

38 Kisa ki te yon enkyetid ki asosye avèk Lagè Koreyen ak Lagè Vyetnam?

- (1) Kim Jong Il ak Ho Chi Minh te posede zam nikleyè.
- (2) Dominasyon kolonyal Lafrans kontinye enfliyanse rejyon an.
- (3) Enperyalis renouvle japonè ta deklanche yon lòt gè mondyal.
- (4) Kominis ta simaye nan lès ak sidès Azi.

39 Yon fonksyon Akò Amerik-di-Nò pou Echanj Lib [North American Free Trade Agreement (NAFTA)] ak Inyon Ewopeyen [European Union (EU)] se pou

- (1) opoze entegrasyon ekonomik lan
- (2) ankouraje imigrasyon
- (3) redui baryè ekonomik yo
- (4) elimine chomaj

40 Nan ane 1989, objektif mouvman pwotestasyon etidyan chinwa yo te nan Tiananmen Square se te pou

- (1) pou fè gen refòm demokratik
- (2) amelyore opòtinite djòb nan fòs lame
- (3) ogmante investisman etranje nan Hong Kong
- (4) limite kantite teren ki deziyen pou “sistèm responsablite a”

41 Ki peyi ki te gen tansyon etnik ak yon gè sivil ant Hutu ak Tutsi yo nan ane 1990?

- |            |             |
|------------|-------------|
| (1) Soudan | (3) Tanzani |
| (2) Kenya  | (4) Rwanda  |

42 Gouvènman Ayatollah Khomeini t ap eseye chanje sosyete iranyen an lè li

- (1) te aplike prensip fondamantal Islamik yo
- (2) ogmante politik egalite pou fanm yo
- (3) te fè alyans avèk peyi blòk kominis yo
- (4) adopte yon sistèm ekonomik oksidantal

Sèvi ak komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.



Sous: Paresh Nath, *The National Herald*, India, 7/5/2007

43 Ki lide prensipal komik sa a?

- (1) Dirijan ewopeyen yo kontinye ap eksplwate Afrik.
- (2) Yon otorite puisan ak santralize nesese pou gouvènè Afrik.
- (3) Sosyete afriken yo te fè pwogrè malgre gwo obstak yo te jwenn.
- (4) Anpil pwoblèm te anpeche devlopman Afrik.

44 Yon fason Aung San Suu Kyi, Lech Walesa, ak Nelson Mandela sanble sèke yo tout

- (1) te sipòte itilizasyon vyolans pou reyalize objektif yo
- (2) te enspire revolisyon kont monak otokratik yo
- (3) te alatèt mouvman pou mete yon pwen final nan opresyon pèp yo
- (4) te baze aksyon yo sou ansèyman Karl Marx

45 Ki aksyon ki se yon kòz dirèk dezètifikasyon?

- (1) kontaminasyon rezèv dlo fre
- (2) boule konbistib fosil nan faktori yo
- (3) konstriksyon baraj sou rivyè yo pou pwodui idwo-elektrisite
- (4) retire vejetasyon avèk twòp patiraj

- 46
- Lanperè Moryan Asoka mete lide boudis nan lwa li yo.
  - Constantine legalize Krisyanis tout kote nan lanpi li.
  - Prens Vladimir fòse Ris yo vin Kretyen Òtodòks Lès.

Ki jeneralizasyon ki kapab fèt dapre deklarasyon sa yo?

- (1) Relijyon yo te gen yon ti enpak sou devlopman lanpi yo.
- (2) Anpil dirijan politik te dekouraje tolerans relijye.
- (3) Sistèm kwayans kiltirèl enfliyanse dirijan yo souvan.
- (4) Krisyanis lan te yon fòs dominan nan Ewòp ak Lend.

- 47 Nan 14yèm syèk la, lapès bibonik te sitou simaye depi Azi pou rive nan Afrik ak Ewòp avèk
- (1) maren yo pandan envazyon Viking yo
  - (2) komèsan yo ak pèleren yo pandan Paks Mongolia
  - (3) afriken esklav yo nan Pasaj Mitan
  - (4) misyonè yo pandan Laj Eksplorasyon Ewopeyen

- 48 Yon fason apated la nan Afrik-di-Sid ak sistèm kas la nan Lend sanble sèke toulède sistèm yo
- (1) te prevwa opòtinite edikasyon
  - (2) te detèmine wòl yo dapre sèks
  - (3) evolye toutotou kwayans relijye santral
  - (4) te aplike diferan seri règ pou gwoup moun diferan

- 49 Ki sikonstans jewografik ki te afekte fason yo te aplike politik etranje ris pandan syèk yo?
- (1) sechrès souvan yo
  - (2) debwazman toundra
  - (3) domaj eksplwatasyon min lakòz sou anviwònman an
  - (4) mank pò dlo cho

- 50 Tretman Amenyen Kreyen yo nan Latiki Otoman (1915) ak tretman Mizilman Bosnyen yo nan ansyen Yougoslavi (1990) se egzanp
- (1) efò entènasyonal pou bay sekou
  - (2) vyolasyon dwa moun
  - (3) ogmantasyon dwa pou vote
  - (4) pwoteksyon minorite gouvènman an



**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

**diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Jewografi Imen ak Jewografi Fizik**

Karakteristik jwografik te enfluyans devlopman politik, ekonomik, sosyal ak istorik peyi yo ak rejyon yo.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** karakteristik jwografik, epi pou yo **chak**

- Diskite sou fason karakteristik la te enfluyans devlopman politik, ekonomik, sosyal **ak/oswa** istorik nan yon peyi oswa nan yon rejyon

Ou ka itilize nenpòt karakteristik jwografik nan etid istwa ak jwografi jeneral ou. Kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere gen ladan enfluyans rivyè yo nan Lachin, dezè Afrik-di-Nò, klima nan Lawisi, plèn nan Ewòp, zile Japon yo, mouson nan Lend, montay Amerik-di-Sid yo, ak resous natirèl yo nan Mwayennoryan.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Pa ekri anyen sou karakteristik jwografik Etazini nan repons ou.**

#### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou asire ou**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

## Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, te gen pwoblèm moun yo te vle abòde. Moun tankou *Bartolomé de Las Casas*, *Maximilien Robespierre*, ak *Mohandas Gandhi* te fè aksyon diferan nan efò yo pou abòde pwoblèm yo. Aksyon sa yo te rankontre avèk plizyè kalite degre siksè.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** dirijan ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri yon pwoblèm moun sa a abòde
- Dekri kijan moun sa a te eseye abòde pwoblèm nan
- Diskite sou si moun sa a te gen siksè oswa si li pa t gen siksè nan rezoud pwoblèm nan

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

... Eksperyans endyen lwès nan moman premye vwayaj Kolon se te youn nan travay endyen pou mèt panyòl yo. Lè yo pa t bay travay sa a “avèk volonte” yo te pran li avèk lafòs. Lè panyòl yo te rive an gwo kantite, bezwen pou travay te vin pi ijan, epi fado sou travayè yo te vin grav ofi-amezi. Panyòl yo te fè envazyon nan kominote yo, yo te pran kaptif, epi, pou evite kaptif yo te sove oswa pou asire mezi travay okonplè, panyòl yo te pratike esklavaj a gran echèl. Kolon, toudabò, sanble te fè efò pou kontwole travay fòse a, men san siksè ki enpòtan [remakab]. Anjeneral, premye kontak panyòl yo pran avèk natifnatal Amerik yo te fèt apre kontak ewopeyen anvan avèk natifnatal Afrik yo, epi pratik ak lejitimite esklavaj ka te sipoze tout kote....

Sous: Charles Gibson, *Spain in America*, Harper Torchbooks (adapte)


- 1 Dapre Charles Gibson, kisa ki te **yon** pwoblèm popilasyon natifnatal Lwès Lend yo te genyen pandan kolonizasyon panyòl? [1]

---

---

Score

## Dokiman 2a



**Bartolomé de Las Casas**

Sous: Keen and Haynes, *A History of Latin America*,  
Houghton Mifflin Harcourt

## Dokiman 2b

... Las Casas te sispann travay sou liv ki rele [*Yon Istwa Lend (A History of the Indies)*] sèlman pou voye ba Konsèy Lend nan Madrid la twa (3) lèt long (nan ane 1531, 1534, ak 1535), kote li te akize kèk moun ak enstitisyon pou peche yo t ap fè pou oprime endyen yo, sitou nan sistèm *encomienda*. Apre anpil avanti nan Amerik Santral, kote lide li yo sou tretman natifnatal yon fason konstan [yon fason regilye] te lakòz li antre nan konfli avèk otorite panyòl yo, Las Casas te ekri *De único modo* (1537; “Konsènan Sèl Fason pou Atire Tout Pèp yo nan Vrè Relijyon an”), kote li te endike doktrin evanjelizasyon endyen yo nan lapè. Answit, ansanm avèk Dominiken yo, li te anplwaye nouvo kalite evanjelizasyon sa a nan yon “teritwa lagè” (yon teritwa endyen yo toujou pa konkeri) — Tuzutlan, toupri Golfo Dulce (Gwo Basen Dlo Dous) nan Kostarika jodi a. Las Casas te ankouraje avèk rezilta favorab eksperyans li. Li te pran wout pou ale kote Panyòl yo nan ane 1539, epi li te rive la nan ane 1540....

Sous: “Bartolomé de Las Casas,”  
*The History Channel website*

2 Dapre dokiman sa yo, endike **yon** aksyon Bartolomé de Las Casas te fè pou abòde pwoblèm Ameriken Natifnatal yo te genyen. [1]

Score

### Dokiman 3

Pandan rèy Charles V ak dirijan ki vini apre li yo, monachi panyòl la te reyaji kont Bartolomé de Las Casas nan diferan fason.

... Kòm repons pou laperèz ak konsyans li, Charles te pibliye [kreye] Nouvo Lwa yo nan ane 1542. Lwa yo te entèdi esklavaj endyen yo, sèvis pèsònèl obligatwa yo, distribisyon nouvo encomiendyas yo ak eritaj encomiendas yo. Sa ki te pi pozitif ankò, yo te deklare endyen yo se moun lib, vasal kouwòn nan, epi yo te posede volonte libelibè yo. Kolon yo te pwoteste anpil [avèk pasyon]. Revòlt te menase Meksik; nan Pewou, encomenderos [moun ki te posede encomendas] te leve pou defye lalwa. Yon fwa ankò anba presyon ekstrèm, monak la te modifye kèk nan lwa yo epi li te anile lòt yo. Epoutan, malgre encomienda ta kontinye pandan kèk tan nan kèk pati lanpi ameriken ki t ap devlope, wa a te tcheke [limite] li. Apre mitan sèzyèm syèk la, enstitisyon an te febli [disparèt]. Leta [monachi panyòl] te egzèse menm pi gwo kontwòl sou popilasyon endyen an ki t ap diminye....

Sous: E. Bradford Burns, *Latin America: A Concise Interpretive History*, Prentice Hall (adapte)

3a Dapre E. Bradford Burns, kisa ki te **yon** fason Nouvo Lwa yo te abòde pwoblèm Bartolomé de Las Casas te idantifye? [1]

---

---

Score

b Dapre E. Bradford Burns, kisa ki te yon repons monak panyòl la lè kolon panyòl yo te pwoteste kont Nouvo Lwa yo? [1]

---

---

Score

#### Dokiman 4

Sa yon ekstrè nan yon diskou Maximilien Robespierre te fè nan National Convention nan dat 25 septanm 1793 pou jistifye mezi Komite Sekirite Piblik la te pran.

#### Revolisyon Fransè: 1793

... Moun yo pa nan pwoblèm isit la; nou konsène avèk teritwa ak prensip. M ap di ou aklè: li enposib, nan eta afè sa a, pou Komite a sove eta a; epi si nenpòt moun pa dakò, m ap fè ou sonje ou sèlman kijan konplo pou ranvèse ak elimine nou se yon konplo ki trèt ak ekstansif; kijan etranje yo ak lennmi andedan yo gen ajan yo peye pou egzekite li; M ap fè ou sonje faksyon sa a pa mouri; se konspirasyon nan pwofondè kacho li; sèpan Marè a poko fin kraze...

Mwen konnen nou pa kapab flate tèt nou pou di nou vin gen pèfeksyon; men kenbe yon Repiblik ki antoure avèk lennmi, kore rezon anfavè libète, detwi prejidi epi anile efò moun yo kont enterè piblik la, mande moral ak fòs fizik lanati pètèt te refize ba moun ki denonse nou ak moun n ap batay kont yo....

Sous: Maximilien Robespierre, "Extracts from 'In Defence of the Committee of Public Safety and Against Briez,'" September 25, 1793, in *Virtue and Terror*, Verso (adapte)

4 Dapre lide Robespierre, kisa ki te yon **yon** menas gouvènman Lafrans te jwenn nan ane 1793? [1]

Score

## Dokiman 5a

... Lè li te antre nan Komite a [Sekirite Piblik], Maximilien [Robespierre] te konvenk lòt manm yo pou aksepte nouvo pwosedi yo, pou re-òganize ekip biwo a epi pou òganize reyinyon chak semèn avèk lòt Komite [Sekirite Jeneral] yo. Laprès, dirijan an te konsidere kòm danjere te pèdi libète li pou yon ti tan, dapre konesans entim. Sèlman lè yo te mete vrè demokrasi a anplas li ta posib pou kite jounalis yo gen yon mo pou yo di! Nan tout desizyon sa yo, volonte ak enterè majorite sitwayen Lafrans yo te pretèks [rezon sipoze] ak enspirasyon. Sa vle di: gouvènman an te dwe rete revolisyonè jouk lè te vin gen lapè ankò ak lè yo te fè lennmi yo ale....

Sous: John Laurence Carr, *Robespierre: The Force of Circumstance*, St. Martin's Press

5a Dapre John Laurence Carr, kisa ki te **yon** chanjman Robespierre te ankouraje gouvènman an pou fè pou elimine menas pou revolisyon an? [1]

Score

## Dokiman 5b

### Lwa Sispèk yo

Lwa sa a [Robespierre ak Konvansyon Nasyonal la], te pase nan dat 17 septanm 1793, te otorize kreyasyon tribinal revolisyonè pou jije moun yo sispèk ki trayi Repiblik la epitou pou pini moun lajistis te kondane avèk lanmò. Lejislasyon sa a ki te anvigè a te fè sistèm jistis penal la vin bra ranfòsman gouvènman revolisyonè a, ki ta fikse kounye a kòm responsablite prensipal li non sèlman mentyen lòd piblik, men tou travay ki te pi difisil ak kontwovès pou idantifye lennmi andedan Repiblik la—tankou “pwofitè” ki te vyole Maksimòm nan [dekrè pou fikse pri yo]—epi answit pou retire yo pami sitwayen yo, kote yo ta ka boulvèse [sabotaj] volonte jeneral la....

Sous: *Liberty, Equality, Fraternity: Exploring the French Revolution*, online site, a collaboration of the Roy Rosenzweig Center for History and New Media and the American Social History Project

5b Dapre dokiman sa a, nan ki fason Lwa Sispèk yo te abòde menas kont gouvènman an? [1]

Score

## Dokiman 6a

### TIMETABLE, 1794

... **27 jiyè**: Konvansyon an te òdone arestasyon Robespierre ak zanmi li yo. Yo te mennen yo nan Liksanbou. Jolye a te refize fèmen yo. Yo te kite yo epi yo te ale nan Lameri pou planifye pwochen mouvman yo. Yo te kapab pote laviktwa sou Konvansyon an, men Lakomin Pari pa t ede yo alè. Yo te deklare yo ilegal epi yo te arete yo ankò.

**28 jiyè (bonè nan maten)**: Konvansyon an te deklare Robespierre ak zanmi li yo ilegal, epi yo te arete yo nan Lameri. Kounye yo te swa fizye Robespierre oswa li te fizye tèt li poukont li. Li te blese.

**28 jiyè**: Robespierre ak 21 zanmi li yo te ale nan giyotin....

Sous: Jane Shuter, ed., *Helen Williams and the French Revolution*, Raintree Steck-Vaughn (adapte)

6a Dapre Jane Shuter, kisa ki te **yon** konsekans Robespierre te jwenn akòz aksyon li yo? [1]

Score

## Dokiman 6b

... Nan ane 1795, fòs lame revolisyonè yo te remete lapè nan fwontyè Lafrans, men, yon fwa ankò, latwoublay te menase pou simaye nan Lafrans poukont li. Konvansyon Nasyonal la (ki anba kontwòl reprezantan modere ak konsèvatè kounye a, ki te kondane Robespierre) pa t kapab anpeche nouvo deklanchman manifestasyon radikal yo....

Sous: Sean Connolly, *The French Revolution*, Heinemann Library

6b Dapre Sean Connolly, kisa ki te **yon** pwoblèm Lafrans te genyen apre yo te retire Robespierre sou pouvwa a? [1]

Score



## Dokiman 7

... Pandan ane ap pase ofi-amezi, yon santiman revòlt ap grandi nan Lend. Ofi-amezi, moun yo konprann plas y nan Lanpi a se yon lespri mekontantman k ap anvayi [k ap simaye toupatou] twa san (300) milyon abitan li yo. Epi ofi-amezi lè yo reyalize nan mitan diferans kwayans ak kas yo gen yon nasyonalite debaz, ajitasyon an ap simaye epi l ap pran fòm egzijans defini pou satisfaksyon asirans serye Gouvènman Britanik lan ki endike yo ta dwe resevwa dwa koutimye sijè britanik yo. Li enposib pou aspirasyon nasyonal yo kapab reprime pou toutan, epi li enposib tou pou Lend rete yon “depandans” nan yon Lanpi li kontribiye plis pase mwatye popilasyon an pou li.... Èske yo ta dwe pa satisfè Lend avèk dominasyon yon kantite etranje endepandan ak san enkonpreyansif twò souvan, ki pa konnen jeni pèp la? Pa menm Hindu “modere” pa kapab pote sa pou toutan. Èske li posib pou lespri patriyòt yon pèp ki gen tradisyon laglwa Lend kontan avèk sèvaj?....

Sous: Gandhi, *Indian Opinion*, September 2, 1905

7 Dapre Gandhi, kisa ki se **yon** pwoblèm Lend te genyen nan kòmansman ane 1900 yo? [1]

Score

Dokiman 8



Sous: Y. kids, *Great Figures in History: Gandhi*, YoungJin Singapore

8 Dapre ekstrè sa a nan woman grafik la, endike **yon** aksyon Gandhi sijere pèp endyen an te fè kont Britanik yo. [1]

Score

## Dokiman 9a

... Nan fen lagè a, Britanik yo te pare pou kite Lend ale. Men moman pi gwo laviktwa Gandhi, nan dat 15 out 1947, te lè defèt li tou. Lend te vin gen libète, men li te pèdi inite lè Grannbretay te bay endepandans nan menm jou li te kreye nouvo Eta Mizilman Pakistan. Patisyon an te dezonore kwayans sèkt avèg Gandhi a. Nan jou sa a, li di konsa “Pa gen mesaj ditou”, epi li te fè jèn ak lapriyè....

Sous: Johanna McGeary, “Mohandas Gandhi (1869–1948),” *Time*, December 31, 1999

## Dokiman 9b

### Refijye Mizilman yo Ap Kite Lend, 1947



Sous: Mark A. Kishlansky, *Sources of World History: Readings For World Civilization, Volume II*, Wadsworth, Cengage Learning

9 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **yon** rezon ki fè yo te konsidere gwo laviktwa Gandhi kòm defèt li? [1]

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, te gen pwoblèm moun yo te vle abòde. Moun tankou **Bartolomé de Las Casas**, **Maximilien Robespierre**, ak **Mohandas Gandhi** te fè aksyon diferan nan efò yo pou abòde pwoblèm yo. Aksyon sa yo te rankontre avèk plizyè kalite degre siksè.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** dirijan ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri yon pwoblèm moun sa a abòde
- Dekri kijan moun sa a te eseye abòde pwoblèm nan
- Diskite sou si moun sa a te gen siksè oswa si li pa t gen siksè nan rezoud pwoblèm nan

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan







